



5 - EGZÈSIS SOU KONTINYITE BIZNIS

APÈSI

Dokiman sa a sèvi kòm yon gid pou teste plan ijans ak plan kontinite biznis. Egzèsis yo ap ede yon konpayi teste kote plan ijans lan gen pwèn fèb, epi verifye si yon biznis ka kontinye opere epi kenbe fonksyon esansyèl li yo pandan yon enteripsyon oswa yon katastwòf.

Egzèsis yo fèt pou ede yon konpayi evalye kijan pou reyaji nan ka ijans. Li bay estrateji kontinite, ansanm ak mwayen pou retabli operasyon. Pou rezon sa, nou va itilize kat senaryo:

- **Sèvis entèripsyon paske yon matiriyèl pèdi fonksyon** → Blakawout
- **Sèvis Entèripsyon paske gen yon echèk nan yon sistèm** → Atak enfòmatrik
- **Sèvis entèripsyon paske pa genyen ase mènèt** → Entèripsyon grav nan transpò piblik
- **Aksè kou a yon etablisman** → Inondasyon

OBJEKTIF EGZÈSIS YO

Pandan w ap sèvi ak senaryo yo, ou va teste kijan plan ijans ak plan kontinyite biznis la mache an pratik. Pou sa, ou va bezwen:

- Tcheke efikasite ekip la pou fè entèvansyon nan ka ijans epi pwoteje vi ak byen.
- Evalye si operasyon esansyèl yo ka kontinye fonksyone pandan yon entèripsyon, gras ak estrateji kontinite yo.
- Evalye kapasite restorasyon operasyon yo pou retounen nan fonksyònman nòmal, avèk estrateji restorasyon.
- Analize si pran desizyon ak delegasyon otorite fèt rapid ak efikasite.
- Tcheke kijan komunikasyon dewoule, anplis gade si gen bon kòdinasyon ak anplwaye, kliyan ak patnè ekstèn pandan ak aprè entèripsyon an.
- Idantifye ki resous ki pa adekwa oswa si genyen tou vid nan prosesis yo.



EGZÈSIS SOU ENPLEMANTASYON AK KONSÈY

EGZEKITE EGZÈSIS LA

- **Egzekite plan yo:** Anvan w kòmanse egzèsis la, asire w ranpli plan aksyon ijans ak plan kontinyite biznis ou selon konpetans ou. Dokiman sa yo ap sèvi kòm gid pou reponn kesyon pandan diskisyon epi ede w identifye tou vid oswa domèn ki bezwen amelyorasyon
- Revize objektif egzèsis la pou byen konprann ki pati nan plan yo w ap teste.
- **Anviwònman san fòt:** Sonje egzèsis la fèt pou idantifye feblès ak opòtinite, nan yon espas ki pozitif. Li nòmal pou genyen defi. Objektif egzèsis sa yo la pou dekouvri epi jwenn solisyon avan yon vrè entèripsyon rive.
- **Angaje w nan dyalòg ouvè:** Mete nan gwoup anplwaye ki soti nan diferan depatman (finans, administrasyon, operasyon, vant, elatriye). Li chak senaryo avèk anpil atansyon. Reflech sou kijan li ta ka afekte biznis pa w la, si egzant senaryo a dekri rive pou vre. Fè kòmsi se te yon sitiyasyon ki te rive pou tout bon vre, apre diskite sou chak kesyon an detay, chita koze sou ki fason li konekte ak operasyon espesifik ou yo.

EGZEKITE AMELYORASYON

- **Dokimante rezilta w yo:** Apre egzèsis yo, diskite ansanm sou sa ki te mache ak sa ki pa t mache. Ekri tout tou vid ou remake nan yon rapò. Mete tou domèn ki bezwen amelyorasyon nan yon plan espesyal, kote ou va di ak presizyon aksyon pou fèt ak moun ki responsab yo. Objektif la se amelyore pwosesis biznis ou, epi mete plan ijans ak plan kontinyite biznis la ajou.
- **Aktyalize plan w yo:** Ajoute nan plan yo tout sa ou te aprann pandan egzèsis la. Mete klèman nouvo pwèn ou ta renmen amelyoresou tout sa ou te aprann pandan egzèsis la
- **Fè fòmasyon pou tout anplwaye yo:** Pataje rezilta egzèsis la ak tout ekip ou a. Asire chak moun gen yon kopi ki sou plan aksyon ijans ak plan kontinyite biznis la ki ajou.

EGZÈSIS KESYON DISKISYON AK SENARYO

Ou va jwenn anba a se yon sistèm egzèsis sou tab, ki fèt an modil, pou ede w teste plan ou yo epi dekouvri tou vid yo. Itilize kesyon diskisyon ki vini apre yo pou nenpòt senaryo ou travay sou yo.

KESYON DISKISYON

KESYON MODIL 1

1. Plan aksyon ijans



a. Kominikasyon

- i. Kiyès ki responsab pou notifiye moun oswa antite nan ka ijans?
- ii. Kiyès pou notifiye epi kibò pou sere enfòmasyon kontak yo?
- iii. Ki sistèm avètisman ak notifikasyon ki va itilize pou kominike pandan entèripsyon sa a epi kibò sistèm nan ye?
- iv. Ki enfòmasyon ou ta dwe mete nan notifikasyon an?

b. Evakyasyon

- i. Si n ap evakye, ki kote zòn rasanbleman ou deziyen an ap ye?
- ii. Ki kote zòn asistans pou evakyasyon ou deziyen anndan batiman pou anplwaye oswa kliyan ki gen pwoblèm pou deplase?
- iii. Kiyès moun ki responsab pou ede sila yo ki gen pwoblèm depasman?
- iv. Èske w gen kat trase ki moutre wout pou moun pran pou sove nan ka ijans?

c. Refij sou plas

- i. Si w ap pran refij sou plas, kibò zòn refij ou deziyen an ye?
- ii. Kibò ou deziyen pou estoke founiti sekirite yo?
- iii. Kiyès ki responsab pou fèmen sistèm vantilasyon ak kote pou lè antre?

d. Sekirize byen ak materyèl

- i. Ki byen ak materyèl k ap bezwen sekirize?
- ii. Kibò byen yo ak materyèl yo ye?
- iii. Konbyen tan ou estime moun va bezwen pou sekirize byen oswa materyèl yo?

e. Gid entèvansyon ijans

- i. Èske w ka suiv youn nan gid entèvansyon ijans yo nan yon ka ijans ?

2. Plan kontinyite biznis

a. Fonksyon esansyèl biznis



- i. Ki fonksyon esansyèl biznis la sitiyaşyon sa a va afekte?
- ii. Ki fonksyon esansyèl biznis pa w la te idantifye kòm priyorite kritik pi wo nivo?

b. Estrateji kontinite

- i. Estrateji kontinite: Ki aksyon ou menm ak ekip ou pral pran pou kenbe fonksyon esansyèl biznis ki pi enpòtan yo lè sitiyaşyon an entèwonp yo?
- ii. Entèdepandans: Èske gen lòt antite (tankou patnè oswa òganizasyon ekstèn) ki bay resous oswa sipò pou fonksyon sa yo?
- iii. Rezilta: Kiyès k ap sèvi ak rezilta fonksyon sa yo?
- iv. Obligasyon: Èske gen moun ou gen obligasyon pou notifiye si fonksyon esansyèl biznis yo gen entèripsyon?

c. Sistèm kominikasyon

- i. Èske ou bezwen voye yon mesaj ijans? Si wi, bay kiyès?
- ii. Ki sistèm prensipal ou itilize pou kominike andedan òganizasyon an? Èske gen sovgad pou done yo?
- iii. Ki sistèm prensipal ou itilize pou kominike ak kliyan, vandè, founisè ak regilatè? Èske gen sovgad pou done yo?

KESYON MODIL 2

d. Estrateji restorasyon

- i. Ki estrateji ou va itilize pou retabli fonksyon biznis yo epi rekòmanse operasyon nòmal
- ii. Ki enpak entèripsyon an genyen sou finans? Kijan w ap jere sa, lè w pran an kont resous ki disponib, asirans, ak lòt èd finansye?

SENARYO

N ap divize chak senaryo an de modil, chak senaryo yo teste seksyon nan plan aksyon ijans lan, oswa plan kontinyite biznis epi koresponn ak kesyon diskisyon anlè a.

SENARYO 1: BLAKAWOUT - MATERYÈL AN PÀN

Modil 1

Modil sa a konekte ak seksyon sa yo nan plan an ansanm ak kesyon diskisyon yo:



- Plan aksyon ijans
- Plan kontinyite biznis: fonksyon ki esansyèl, fason pou kontinye travay, ak mwayen pou kominike.

Jedi, 7:00 am

- Yon gwo tanpèt te lakòz yon blakawout ki afekte lari kote w ye a.
- Konpayi elektrisite fè ou konnen p ap gen kouran pou 48+ èdtan pandan y ap fè manèv pou rezoud pwoblèm nan
- Blakawout fè enpak sou biznis ou an, pa egzanp:
 - Sistèm òdinatè a tonbe.
 - Sistèm refrijerasyon pran pàn, sa lakòz pwodui ki te estoke nan frijidè ak frizè yo koumanse pouri .
 - Blakawout la te lakòz yon fay nan rezo kominikasyon a, k ap afekte kominikasyon an an entèn.
 - Vandè yo pa kapab fè livrezon poutèt liy elektrik yo tonbe nan lari a.

Modil 2

Modil sa a konekte ak seksyon sa yo nan plan an epi ak kesyon diskisyon ki anwo a:

- Plan kontinyite biznis: Estrateji restorasyon

Dimanch, 7:00 a.m

- Tanpèt la pase epi yo re-bay kouran an.
- Rezo w la tounen epi l ap mache.
- Vandè yo re-kòmanse ap fè livrezon.

SENARYO 2: ATAK ENFÒMATIK - PA KA BAY SÈVIS

Modil 1

Modil sa a konekte ak seksyon sa yo nan plan an epi ak kesyon diskisyon ki anwo a:

- Plan aksyon ijans
- Plan kontinyite biznis: Fonksyon esansyèl biznis, estrateji kontinyite ak pwosesis kominikasyon

Madi, 3:00 p.m

- Biznis ou a ap rankontre yon atak pou refi sèvis distribye (Distributed Denial of Service, DDoS), ki fè entèripsyon nan sitwèb ou a, sistèm kòmand anliy ak pwosesis pèman an. Biznis ou an pa ka trete tranzaksyon anliy oswa an pèsòn.



- Ekip enfòmatrik la idantifye atak la ap sichaje rezo w la, ki fè l difisil pou kliyan yo fini ak acha yo.
- Anplwaye yo rapòte sistèm entèn, ki gen ladann imèl ak aksè adistans, pa disponib detanzantan.
- Yo te kontakte otorite lalwa yo ak fim sekirite enfòmatrik men yo espere solisyon an ap pran pou pi piti 24 - 48 èdtan.

Modil 2

Modil sa a konekte ak seksyon sa yo nan plan an epi ak kesyon diskisyon ki anwo a:

- Plan kontinyite biznis: Estrateji restorasyon

Mèkredi, 7:00 p.m

- Atak la fini epi yo fini ak solisyon an.

SENARYO 3: ENTÈRIPSYON GRAV SOU TRANSPÒ PIBLIK - MANKE TRAVAYÈ

Modil 1

Modil sa a konekte ak seksyon sa yo nan plan an epi ak kesyon diskisyon ki anwo a:

- Plan aksyon ijans
- Plan kontinyite biznis: Fonksyon esansyèl biznis, estrateji kontinyite ak pwosesis komunikasyon

Lendi, 7:00 a.m

- Yon tanpèt ivènal lakòz sispanasyon sèvis transpò piblik ak kondisyon wout danjere, sa anpeche anplwaye yo deplase al travay.
- Biznis ou an dwe fonksyone sèlman ak yon manm estaf pandan l ap fè fas ak gwo demann kliyan.
- Livrezon vandè yo anreta tou.
- Yo prevwa pou tanpèt la dire pou pi piti 48 èdtan.

Modil 2

Modil sa a konekte ak seksyon sa yo nan plan an epi ak kesyon diskisyon ki anwo a:

- Plan kontinyite biznis: Estrateji restorasyon

Mèkredi, 12:00 p.m

- Tanpèt ivènal la pase, yo rekòmanse sèvis transpò piblik epi kondisyon wout yo pa danjere ankò.
- Vandè yo re-kòmanse ap fè livrezon.



SENARYO 4: INONDASYON - REFI AKSÈ AK YON ETABLISMAN

Modil 1

Modil sa a konekte ak seksyon sa yo nan plan an epi ak kesyon diskisyon ki anwo a:

- Plan aksyon ijans
- Plan kontinite biznis: Fonksyon esansyèl biznis, estrateji kontinite ak pwosesis komunikasyon

Lendi, 9:00 a.m.

- Yon tanpèt frappe Boston, sa fè sistèm drenaj yo debòde epi lakòz inondasyon rapid nan etablisman ou an.
- Depo a ak zòn prensipal biznis la anba de inches dlo inondasyon.
- Sistèm elektrik la ka gen pwoblèm, sa ki kreye yon anviwònman danjere ki fè li pa an sekirite pou antre oswa rete anndan batiman an.
- Yo prevwa pou tanpèt la dire 12-24 èdtan.

Modil 2

Modil sa a konekte ak seksyon sa yo nan plan an epi ak kesyon diskisyon ki anwo a:

- Plan kontinyite biznis: Estrateji restorasyon

Mèkredi, 7:00 a.m

- Dlo inondasyon yo fin bese, men zòn prensipal biznis ou ak depo a toujou mouye epi kontamine. Debri, materyèl chimik ki danjere ak dlo tou egou ka lakòz ris grav sou sante ak sekirite.
- Sistèm elektrik la p ap byen fonksyone epi ap mande reparasyon pwofesyonèl anvan yo ka reounen fonksyone.

RAPÒ APRÈ AKSYON

Itilize tablo anba a pou evalye konpetans ou pou atenn objektif egzèsis yo idantifye yo. Pou nenpòt domèn kote difikilte yo te parèt, mete rezilta sa yo nan plan amelyorasyon ou an kòm “domèn amelyorasyon” pou ranfòse entèvansyon ijans, estrateji kontinite ak efò restorasyon yo. Jan nou mansyone sa anwo a, sa se yon anviwònman san fòt. Yo prevwa pou gen defi epi defi yo sèvi kòm opòtinite pou idantifye tou vid, abòde feblès epi ranfòse plan w lan.

Tcheke bwat ki pi byen mache ak konpetans ou pou atenn objektif ki koresponn nan.

Objektif	Egzekite san defi	Egzekite ak defi
----------	-------------------	------------------



1. Evalye konpetans pou fè entèvansyon pandan yon ijans epi pwoteje lavi ak byen.		
2. Evalye kapasite pou kenbe operasyon pandan yon entèripsyon, itilize estrateji kontinite.		
3. Evalye kapasite pou restore operasyon yo pou tounen nan fonksyon nòmal, itilize estrateji restorasyon.		
4. Evalye efikasite pran dezisyon ak delege otorite.		
5. Evalye pwosesis kominikasyon ak kapasite pou kowòdone ak anplwaye, kliyan ak patnè ekstèn.		
6. Idantifye tou vid nan resous yo.		

PLAN AMELYORASYON

Itilize tablo anlè a pou idantifye domèn amelyorasyon lè gen defi. Chwazi yon manm estaf pou abòde chak domèn epi aktyalize plan aksyon ijans oswa plan kontinite biznis lan an akò ak amelyorasyon ki nesèsè yo.

Domèn amelyorasyon (Objektif egzèsis)	Kijan w ka amelyore domèn sa a?	Manm ekip responsab yo